**Тараўымызға байланыслы нызамға киргизилген өзгерислер**

Соңғы жыллары мәмлекетимизде ден саўлықты сақлаў системасын түптен жетилистириў, оның раўажланыўын жаңа басқышқа алып шығыў мәмлекет сиясатының үстин жөнелислерине айналды. Баслангыш медицина-санитария жәрдемди, асығыс медициналық жәрдемди ҳәм қәнийгелестирилген медициналық хызметлер тармақларын өз ишине алыўшы үш басқышлы миллий медицина модели жаратылды, халыққа көрсетилетуғын медициналық хызметлер нәтийжелилигин, сапасын ҳәм қолайлылығын асырыў тәмийинленбекте.

Усының менен бирге, соңғы ўақытлары наўқаслар ҳәм олардың жақын туўысқанлары тәрепинен медицина хызметкерлерине қаслық етиў жағдайлары көбейип бармақта, бул жағдайларда медицина хызметкерлерин наўқаслардың ден саўлығының төменлениўинде, яки өлиминде тийкарсыз рәўиште айыплаў, сондай-ақ ҳеш бир себепсиз шыпакерлерге ҳәм орта бууын медицина хызметкерлерине қастыйанлық етиў халлары жүз бермекте.

Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы әмелдеги кодексинде хызмет ўазыйпасын орынлап атырған медицина хызметкерлерине қаратылған нызамға қайшы рәўиште түрли формада тәсир өткериў, сондай-ақ медицина хызметкерлериниң медициналық жәрдем көрсетиў менен байланыслы нызам медицина жумысларына тосқынлық еткенлиги ушын туўрыдан-туўры ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленбеген.

Усы мүнәсибет пенен Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси медицина хызметкериниң нызамлы медициналық жумысына тосқынлық қылғанлық ушын жуўапкершилик белгилеўши жаңа статья менен толықтырылды.

Бул нызамның қабыл етилиўи медицина хызметкерлериниң ҳуқықларын қорғаўға ҳәм олардың кәсиплик жумысына түрлише араласыўдың алдын алыўға, шыпакер қәсибиниң абыройының көтерилиўине, пухаралаға өз ўақтында ҳәм сапалы медициналық жәрдем көрсетиўге хызмет етеди.

Нызам 2023-жылдың 27-март куни № ӨРН-827-санлы нызам менен Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине 197-статья 7-прим етип “Медицина хызметкерлериниң нызамлы медициналық жумысына тосқынлық етиў” атамасында қабыл етилди.

**Юрист П.Джуманазаров**